

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Taun 1967 dina mangsa orde baru, Achmad Rustandi medalkeun hiji novel anu judulna novel sérial *carita silat*. Éta novel dipedalkeun deui ku Kiblat Buku Utama dina bulan NopéMBER 2016. Achmad Rustandi téh salah saurang pangarang anu nulis sajak, carita pondok, artikel sarta ngarang carita silat dina basa Sunda. Harita carita silat anu kasohor nyaéta novel sérial Anjar, judul novelna téh, *Anjar Lawan Raja Bangsat*, *Anjar Tepung jeung Indungna*, sarta *Anjar jeung Rampog Geulis*. Salian ti jadi pangarang, Achmad Rustandi kungsi icikibung di dunya pamaréntahan. Éta hal katitén tina karyana nu ngagambarkeun kaayaan nagara dina mangsa harita nu kacida pikaketireun, tina segi sosial-politik jeung ékonomi, anu ngabalukarkeun ayana parobahan ahlak rahayatna.

Masalah ékonomi masarakat mémang balukar tina masalah politik nagara Indonésia mangsa harita atawa sanggeus jaman kamerdékaan nepi ka orde baru. Upamana waé pasualan *kesenjangan sosial* nu tumiba ka individu atawa kelompok dina hiji masarakat. Hal éta nu ngabalukarkeun ayana tandasa ti kaum ménak ka kaum cacah. Éta nu jadi cukang lantaran timbulna masalah sosial-budaya masarakat jaman harita, nu ngabalukarkeun ayana parobahan sikep, ahlak, laku lampah, jeung hal-hal nu patali jeung ajén moral. Ku ayana éta permasalahan kabangsaan, atikan bélá diri muncunghul deui tur jadi pakarang pikeun ngabéla nu katandasa. Éta hal kagambar dina sérial novel carita silat karya Achmad Rustandi.

Ngaliwatan novel sérialna, Achmad Rustandi katitén hayang nepikeun amanah, yén kahadéan, bebeneran, jeung kaadilan nu kudu diadegkeun, sedengkeun kagoréngan jeung kamungkaran kudu dimusnahkeun. Éta hal katitén tina galur novel sérial anu kahiji, anu eusina nyaritakeun tokoh Anjar nu umurna kakara 15 taun. Manéhna hayang salamet tina pangrogahala Haji Célétré, alatan ngabéla nu jadi indungna ku sabab geus sabulan leuwih hutang almarhum bapana teu kabayar. Indungna dibéré dua pilihan, nyaéta dibui atawa jadi pamajikan Haji

Célétré nu kaopat. Éta hal mimiti mangaruhan psikologi Anjar, nepi ka manéhna maéhan Kopral Kacamatan nu rék mawa indungna. Ti harita Anjar jadi buron, dititah kabur ku indungna. Hiji waktu manéhna panggih jeung Kiai Ngéstí, tuluy diaku anak. Ku Kiai Ngéstí Anjar diajarkeun élmu agama jeung silat. Ti harita psikologi Anjar robah deui jadi leuwih hadé.

Dina sérial kadua kacaritakeun Anjar geus nincak déwasa. Di dieu manéhna rék dikawinkeun ka anakna Haji Salim. Ku lantaran kitu, manéhna néangan indungna. Basa di jalan Anjar nyalametkeun balad-balad Daeng Hapati nu kapegal ku bégal. Daeng Hapati katut Anjar adu jajatén ngalawan bégal katambah nu salila ieu élmu Anjar geus luhung, nu tungtungna balad-baladna Daeng Hapati salamet. Teu lila ti dinya, Anjar panggih jeung Haji Célétré nu baheula jadi réntenir. Ti éta Haji, Anjar meunang pituduh ngeunaan kaayaan indungna.

Dina sérial katilu, orokna Anjar diculik ku Nyai Laras. Nyai Laras nyaéta bégal nu bengis. Kacaritakeun di dieu Anjar dibéré dua pilihan, kahiji lamun orokna hayang salamet manéhna ulah ngaganggu pagawéan Nyai Laras, kadua lamun manéhna ngaganggu, nya orokna moal salamet. Ku lantaran élmuna geus luhung, nya manéhna bisa ngéléhkeun Nyai Laras.

Tina éta pedaran katitén ayana kasang tukang psikologis nu dialaman ku tokoh Anjar. Faktor psikologis téh hiji hal nu moal leupas tina kahirupan manusa. Saéstuna, unggal manusa nu kumelendang di alam dunya boga faktor psikologisna séwang-séwangan. Tina faktor psikologis, réa jalma nu ngalakukeun jeung ngahalalkeun rupaning cara pikeun nyumponan pangabutuh jeung kahayangna bari teu dipikir deui naha bener atawa salah jalan anu dicokotna téh.

Potré kajadian anu kaalaman ku Anjar salaku tokoh utama dina novel sérial carita silat, réa kajadian ogé di Indonesia. Budak nu masih kénéh can sawawa, heureut pikir loba nu milampah hal-hal anu bisa dianggap nyumponan pangabutuhna bari teu dipikir deui naha bener atawa salahna. Aya ogé anu nepi ka maténi alatan ditagih hutang. Hal éta katitén tina warta-warta anu aya. Salasahijina aya kajadian di Jakarta taun 2015, Bahrul Ulum maténi Muhsayarawah ku sabab Bahrul ambek kapegung ditatagih baé hutang. Psikolog

Forenzi Reza nétélakeun salian tina balukar kekerasan, hal éta ditambahán ogé ku ayana faktor instruméntal jeung fundaméntal (Dirga, 2015). Kajadian saperti kitu téh loba faktor nu mangaruhanana, upamana waé tina tongtonan televisi, média sosial, jeung lingkungan sabudeureunana.Tina éta pangaruh ngabalukarkeun kana kamekaran budak boh tina pamikiranana boh tina paripolahna.

Faktor psikologis bisa jadi cukang lantaran hiji jalma milampah hal-hal nu sipatna ngaruksak. Ari psikologi nyaéta élmu jiwa atawa élmu nu maluruh paripolah hiji jalma Atkhinson (dina Minderop, 2016, kc. 3). Faktor psikologis séjénna nu mangaruhan nyaéta tina kondisi lingkungan kulawargana anu kurang harmonis, nu ngabalukarkeun ayana *delikuensi* kana diri pribadi budakna (Masykur & Subandi, 2018, kc. 34).

Kaayaan kitu téh butuh pangrojong ti sakabéh élemén masarakat, lain wungkul pancén jeung tanggung jawab ti pihak kulawarga minangka lingkungan anu méré pangaruh gedé dina kahirupan budak. Salasahiji élemén masarakat nu kawilang penting nyaéta sastrawan. Ku kituna sastrawan kudu nandeskeun deui ieu pasualan ngaliwatan karyana.

Karya sastra mibanda ajén-inajén anu bisa dicangking ku nu macana, nyaéta ajén bebeneran jeung kajujuran. Sakumaha anu ditepikeun ku (Koswara, 2013, kc.6) yén,

hakékatna mah sastra téh fiksionalitas anu nandeskeun sual kaartistikanana. Di satukangeun kafiksian jeung kaartistikanana téh ngajengengleng ajén-ajén kajujuran jeung bebeneran. Nu dimaksud kajujuran dina sastra nyaéta sual kadariaan mikir geusan ngalarkeun hiji konsép, sedengkeun nu dimaksud bebeneran dina sastra nyaéta pencerminan atawa pembayangan kahirupan atawa peristiwa kahirupan nu aya, lain perkara tina hasil lamunan atawa hayalan wungkul. Ku kituna, sastra teu leupas tina ajén kajujuran jeung kadariaan pikeun nandeskeun dina pasualan ka artistikanana.

Salasahiji karangan sastra nu euyeub ku ajén-ajén kahirupan manusa nyaéta novel. Novel nurutkeun Iskandarwasid (2003, kc. 93) nyaéta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plotna (ngarancabang). Ku lantaran kitu, wanda novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeyun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi. Ku sabab novel midangkeun rupa-rupa palaku, ku kituna bisa kagambar pasipatan tokoh-tokohna. Ti mimiti jalanna carita nepi ka

ahir. Jenis novel dumasar kana eusina nu nyampak dina khazanah sastra Sunda nyaéta: novel avontur, novel sosial, novel psikologis, novel sejarah, novel détéktif, novel rumah tangga, novel dunia siluman, jeung novel saduran (Isnendes, 2017, kc. 34). Novel Achmad Rustandi nu medal deui taun 2016 tur dipedalkeun ku Kiblat Buku Utama kaasup kana novel avontur nu ngandung ajén psikologis.

Sérial Carita Silat karangan Achmad Rustandi diulik ngaliwatan pamarekan psikologi humanistik anu museurkeun paniten kana pangabutuh dasar manusa. Ku kituna éta sérial carita silat téh dianggap luyu dijadikeun objék panalungtikan, ku lantaran tokoh utamana (Anjar) ngalaman parobahan psikis ti mimiti carita nepi ka tungtung carita. Ieu parobahan pasipatan téh lantaran aya parobahan jiwa nu kapangaruhan ku lingkunganana, saprak panggih jeung Kiai Ngéstí, Anjar diajarkeun élmu agama jeung penca tuluy manéhna jadi jalma sawawa jeung babalik pikir.

Psikologi humanistik salahsiji cabang élmu anu neuleuman paripolah manusa kalawan museurkeun panitén kana aktualisasi diri tur pangabutuh dasar manusa. Ieu hal saluyu jeung pamaidegan Misiak (2009, kc. 143) anu nétélakeun yén psikologi humanistik mangrupa pamarekan anu nyoko kana pangalaman jeung paripolah manusa, nu museurkeun panitén dumasar kana pangabutuh manusa. Pikeun sawatara ahli psikologi humanistik téh minangka hiji alternatif, sedengkeun pikeun sawatara ahli séjénna psikologi humanistik téh dianggap ngeuyeuban kana konsép tradisional behaviorisme jeung psikoanalisis.

Dina ieu panalungtikan baris dipaké pamarekan psikologi humanistik nu nétélakeun pangabutuh dasar Anjar anu jadi palaku utama anu nyumponan kriteria lima tingkatan kabutuhan dasar manusa, nyaéta 1) pangabutuh fisiologis, 2) pangabutuh rasa aman, 3) pangabutuh mibanda-dipibanda (Cinta), 4) pangabutuh kana pangajén, jeung 5) pangabutuh kana aktualisasi diri, Abraham Masllow (dina Minderop, 2016, kc.48).

Panalungtikan ngeunaan psikologi humanistik kana karangan sastra kungsi aya nu nalungtik saméméhna dina skripsina Eriansyah (2017) “Novel *Anjar Lawan Raja Bangsat* karangan Achmad Rustandi Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di Kelas XI SMA (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)”,

Febrianti (2016) “Novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMP (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik)” jeung Hudaya (2012)“Novel *Déng* karya Godi Suwarna Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik)”.

Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacana nyaéta dina objék panalungtikan. Salian ti éta, hal séjén nu ngabédakeun jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina ieu panalungtikan diguar struktur caritana (téma, fakta carita, jeung sarana carita) anu di patalikeun jeung psikologi humanistik ka tokoh utama dina novel sérial carita silat karangan Achmad Rustandi. Di sagigireun ti éta, ieu novel sérial carita silat téh néembrakeun motif psikologi ka tokoh utamana. Nilik kana éta hal, tangtu perlu diayakeun panalungtikan kana ieu novel sérial. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Novel sérial Carita Silat Anjar Karangan Achmad Rustandi dina Tilikan Struktural jeung Psikologi Humanistik” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus di pérélékeun, aya sababaraha masalah nu dirumuskeun dina wangu kalimah patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita novel sérial carita silat Anjar Karangan Achmad Rustandi?
- 2) Kumaha kajawaan Anjar dina tilikan psikologi humanistik?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar jeung ngaguar novel sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi, nyaéta:

- 1) mikanyaho kumaha struktur carita novel (téma jeung fakta carita: plot (alur), setting (latar), tokoh jeung penokohan, jeung sarana sastra) nu nyampak dina novel sérial carita silat karya Acmad Rustandi;
- 2) mikanyaho unsur-unsur psikologi humanistik naon waé nu nyampak kana tokoh utama dina novel sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan di piharep pikeun ngeuyeuban pangaweruh sarta nambahana informasi hususna dina widang sastra kana novel sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi. Nu maluruh psikologi humanistik, patali kana lima tingkatan dasar kabutuhan manusa nu nyampak kana tokoh utama Anjar. Nu ngalaman parobahan psikis tina séri mimiti nepi ka tungtung.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat keur sawatara pihak, nyaéta:

- a) panalungtik bisa nambahana pangaweruh kana novel sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi boh dina strukturna, boh dina psikologi humanistik nu nyampak dina novel sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi;
- b) mahasiswa bisa nambahana pangaweruh kana karya sastra sarta bisa dijadikeun acuan pikeun panalungtikan satulunya;
- c) pikeun lembaga ka Sundaan; bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda;
- d) pikeun masarakat ngeuyeuban pangaweruh, sarta menangkeun informasi ngeunaan novel sérial carita silat karangan Achmad Rustandi ditilik tina ulikan psikologi humanistik.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial.

Tina segi isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngungkuluan krisis psikologi ka masarakat atawa bangsa.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab diguar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Eusina ngeunaan tiori sastra, novel, struktural, psikologi humanistik, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Métode Panalungtikan. Diguar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab dijéntrékeun ngeunaan analisis struktural jeung psikologi humanistik dina sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Saran, nu eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun

Purnamawati, 2019

NOVEL SÉRIAL CARITA SILAT ANJAR KARANGAN ACHMAD RUSTANDI (*Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu